ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЕЙ ЛЫГЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№№204-205 (21.113) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэралым и Президентым и лэжьэкІэр дауэ къыфщыхъурэ?

УФ-м и Президентыр щыхахыну лъэхъэнэм и пэ кьиуэу жэрдэм кьаІэтащ Путин Владимир Президентым и кІуькІыр щІыгъа илъэсиём кьриубидэу зэфІагъэкІаХэр къэпщытэжьыным, «Путиным и лъэхъэнэ» зыфаща урысейпсо проектым ипкІ иткІэ, а зэманыр щІыхуэм кьаэрыщІакьхъэр зэхэлъхьэжьыным теухуауэ.

Мы проектым и яп лъэхъэнэр зыльаІэрыр и щІыналъэхэм я нэхъыбапІэм, Къэбэрдей-Балъкъэрри абыхэм яхэту, щагъэзащІэу хуежьащ – щІыхъэм щхъуагъэ Президент Путин Владимир и тетыгъэм ящыгъыдыдэу Урысейм кьаІуЛІауэ кьалъытэ Іуэху нэхъыщхьэхэр зыхуэдэхэм, къэралым и кьэжІуэнур кьаэрыщІыхьым теухуа упщІэхэмкІэ. Мы проектым ипкъ иткІэ, Урысейм щыпсэу дэтхэнэми жэуап иригъ хьунущ «Путиным и лъэхъэнэ» урысейпсо проектым и www.leader2008.ru сайтым е Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и www.presidentkbr.ru сайтым ит анкетэм щыгъэува упщІэхэм. Анкетэр пощтКІэ, ИнтернеткІэ е факсКІэ зрыхъ хьунущ.

«Путиным и лъэхъэнэ» проектыр Урысей Федерацэм и субъект кудым я Іэтащхьэхэм, жылагъуэ, фейдэ кьэлэжьыным пымыщІа нэгъуэщІ зэгухьанысэхэм я унафэщІхэм, щІэныгъэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэ щІэрыІуэхэм, щыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхуцібпэхэм даІыгъащ. Езыхэм я тхыгъэхэмкІэ Президентым зыхуагъазэ урысей политикхэм, бизнесменхэм, предприятэхэм я унафэщІхэм, жылагъуэ лэжьакІуэхэм, кьызырыгэкІ щыхуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэр кьызыдолажьэ мыхьэнэщхуэ зиІэ а проектым кьыхьхьыну икІи иджыдпІэ Урысейр зэфІэувэжьынымрэ нэхъри быдэ хъунымрэ я лъэныкъуэкІэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир зэфІигъэкІауэ кьалъытэгъэ жаІэну, 2008 гъэм и мазаем кьыдэкІынущ «Урысейр 2000 – 2008 гъэхэм. Къэралыгъо зэрызэфІуэжьар» аналитикэ тхылъ хьэлэмэтыр. Абы хагъэхьэнущ урысей щІыхуэм Президентым зэрыльэгъуэ тхыгъэ нэхъ гущІэгъуэнхэр.

КЪБР-м и Правительствэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапхъэ.

(Анкетэр 2-нэ нап. итиц).

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ы кодексым и 9 статьям зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ы кодексым и 9 статьям зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщІтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхуэр зыщІигъуазэ ищын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьаруу егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къала
2007 гъэм фокІадэм и 19-м
№1216-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ы кодексым и 9 статьям зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукі»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьыщтащ 2007 гъэм фокІадэм и 19-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ы кодексым и 9 статьям зэхъуэжьныгъэ хэлъхьэн икІи абы и етІуанэ абзацым кьару имыІэжу кьэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къала
2007 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м
№67-РЗ

●Сату

«Московский» тыкуэныщІэр

Араш зэреджэр Щ1джэм ЕтІуанэм дэт «Лашын» шхапІэм кьыбгъэдэту кьызэІуха ерыскьыщащІэ тыкуэн зэпэщыт.

АБы мылькушхуэ зэкІэм куэди тригъэкІуэдащ хьэрычтыщІэ Пшыхь Мухьэмэд. Архитектурэ и лъэныкъуэкІэ дахащэу икІи гъэщІэгъуэну яуха мы тыкуэным хуэдэ иджыри ди республикэм щыІэкъым.

Мухьэмэд мыпхуэдэ Іуэхуэхэм нобэ япэу кьыхьхьэу аракьым. Нэхьапэм Щ1джэм райпом и унафэщІым и кьуэдзэу щытам, даун, фІы дыдэу хещІыкІ щэхуакІуэхэр дэзыхьэх сату щІыпІэ зэрэпщІыфыну Іэмалым.

ЕрыскьыхьжІыу мыбы щыумыгъуэтын щыІэу кьыщІэжьынкъым. Пшыхьым зэрыжиІэмкІэ, республикэм и адрей щІыпІэхэм нэхърэ мыбы щащэхэр щынэхь пудщ. Апхуэдэуи щытынущ.

Щ1эджэм ЕтІуанэ жьылэщхуэм щыпсэухэм дяпэкІэ Іэмал яІэнущ кьалэм нэс мыкІуэу мыбы щыщэхуэну.

ИтІанэ, тыкуэныр федеральнэ гъуэгум зэригъунэхъу и фІыщІэкІэ щэхуакІуэхэр куэду щыІэзблэкІыну кьыщІэкІынущ. Абыхэм я автомашинэхэр щагъэувын щІыпІи хухахащ.

Тыкуэныр кьыщыІэуахьым хьэщІэ куэд кьрихьэлІат: районадминистрацэм и Іэтащхэ Мамбэт Михаил, абы и кІуэдзэ Уэдыжь Хьэсанэ, КЪБР-м Парламентым и депутатхэу Жанатаев Сэлихь, Махуэ Владимир, республикэм и Іуэхущапхъэ эмыльІэужьыгъуэхэм я унафэщІхэр.

КІЭБЫШЭ Лилэ.

Нарткъалэ дэт етІуанэ курыт еджапІэм щекІуэкІащ зІуящІэ дахэ. Ар кьызэригъэпщапІ адыгэбзэкІэ езыгъаджэ Къардэн Хуэмей.

- Адыгэхэм яхэтакъым жьы хуэар дэІэпыкъуэгъуэщІэу кьэзыгъанэ. А щапхъэр иджырей щІэблэм гъуазэ хуэтщІын зэрыхуэйращ мыпхуэдэ зэІущІэхэр кьыщІызэдгъэпэщыр, - жиІащ абы.

Безыр Нэфисэт и гъэсэн 7-нэ «В» классым щеджэ цІыкІуэхэр анэм, нанэм, дадэм ятеухуа усэхэм кьеджащ, уэрэд жаІащ, кьэфащ.

Зы хабзэм дытету доджэ

●ЗэІущІэхэр

Жэпуэгъуэм и 16-м Къэбэрдей-Балъкъэр зэхъуэжьнагъэм мэкъумэщ академием зэІущІэ щхьэпэ щекІуэкІащ. Ар теухуат Европэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэр зытет Болонскэ процессым ди Іуэрыгъэ хьыка зэрыхъуэм, абы фІагъыу хэлъым, зрихьэлІэ гугъуехьэхэм.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Болонскэ процессым и Іуэхущапіэ мехъыщхьэу Голландием щыІэм и лІыкІуэхэр, егъэджэныгъэм зегъэужьыныкІэ федеральнэ институтым чэнджэщагъуэу щыІэ **Сазонов Борис**, Москва дэт къэрал индустриальнэ институтым и кафедрэм и унафэщІ **Гребнев Леонид**, КъБКъМА-м и ректор **Жырыкъуэ Борис**, а еджапІэм и проректор **Щ1ыхьмырзэ Мухьэмэд**, КъБКъУ-м и проректор **Щ1ыбзыкъуэ Аз1эмэт**, академием и егъэджакІуэхэмрэ студентхэмрэ.

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ Болонскэ процессым и мыхьэнэм, Европэ псор зэреджэ программэм Урысейр щІыхьхьам, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми и гугъу ящІащ. Студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я упщІэхэм зэхэхауэ жэуап иратащ Сазоновымрэ Гребневымрэ. КьызэрыщІэкІымкІэ, студентхэм я мазакъуэу, егъэджакІуэхэми иджыри кьэс нэсу кьагурыІуэрэ зэхъуэм Болонскэ процессыр зищІысыр, абы и зэхэпхькІэр, сэбэпныгъ иІэнур.

- Мы еджэкІэр кьэзыгупсысар студентхэращ, - жиІащ Гребнев Леонид. - Езыхэм я зэманыр зэпалъыту, езыгъэджэнэри зэреджэну щІыкІэри яубзыхуну хуитщ икІи щІыпІэхьэну зэманри кьаудотІащ. Апхуэдэу егупсысри европей студентхэм зыщыпсэу кьэралхэм егъэджэныгъэмкІэ я министерствэхэм зыхуагъэзащ. Абыхэм я Іуэху епІыкІэр дАІыгъри, Болонскэ процесс и фІэщыгъэцІэу егъэджэныгъэр зэтрагуІащ. Ар 1980 гъэхэм Европэ псом кьыхудотІащ. Урысейр абы 2003 гъэм хуэкІуащ. Болонскэ процессым и хабзэхэм дытемыкІыу деджэну зыми дрихулІэркъым, ар кьыхэрезэгъым хуэдэу зэтхъуэкІынуи дыхуитщ.

Адэкіэ псаЛъэмакъым кьыпізыща Сазонов Борис Болонскэ процессым халъхьэ зэхъуэжьныгъэхэм нэхъ зэпкърыхауэ кьытеувыІащ.

КъБКъУ-м и проректор Щ1ыбзыкъуэ Аз1эмэт и гугъу ищІащ Болонскэ программэм тету лажьэ республикэ еджапІэ нэхъыщхьэхэр Іуэхум зэрехьулІэм.

- ИкъуэкІ Іуэху щхьэпэ едгъэкІуэкІащ кьысщохьу нобэ, - жиІащ Щ1ыбзыкъуэм. - Пэжщ, Болонскэ процессым мыгурыІуэгъуэ гуэрхэри хэлъащ, ауэ нобэрей зэІущІэм псори щызэхэдгъэкІауэ ящІыхьэтыгъ. Ди еджапІэ нэхъыщхьэхэр кьаухауэ, Европэм лэжьапІэ кІуэ ди щІыхуэм я дипломхэр пхамыгъэкІыу, зэреджэ программэмкІэ мыарзыуэ гугъу ехьу щытащ. Иджы, Европэ псор зэреджэ хабзэм дытету дэри долажьэри, щэн кьытесхьэрхьым апхуэдэ щытынкІэ гугъуэхэм дяпэкІэ дызэрыримыхььэлІэжьынум.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

●Ухуэныгъэ

ПсэупІэкІэ я Іуэху зэпэщын папщІэ

Бахьсэн кьыдэкІ псэупІэ упрэкІэ сыт щыгъуи щызэпсэуфІыдауэ щытащ. Иджыри я Іуэху зыІутыр араш; унагъуэ 800-м щІигъу чэзум хэтщ. КьищІынэмышІауэ, ныкъуэдыкъуэ зэрыс унагъуэ 88-рэ учетым щытщ.

ИЛЪЭС кІуам кьалэм фэтэр 55-рэ хуэ упщІэ щатати, абы щыщу унагъуэ 21-р Афганистаным кьулыкъу щызыщІахэм хухахащ. Унагъуи 6-м КъБР-м Лъэныгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм хуэгъэзащІэ субсидиемкІэ псэуалъэхэр кьащэхуащ, 12-м ахэр кьаІэрыхьащ «Унагъуэ ныбжьыщІэхэр псэуалъэкІэ кьызэгъэпэщыну» программэм ипкъ иткІэ.

Бахьсэн аналитикэм гъэ кеим псэуалъэщ ащаухуэну хуахаха щым унагъуэ 553-рэ зыщІэхэр уиз щыпщІ хъунущ. Абы щыщу фэтэрэ 130-рэ, 48-рэ хъу упэхэм я проект-смет документацэр ягъэхьэзыращ. Социальнэ ухуэныгъэхэм сом мин 519470-рэ ихьынущ.

Мы зэманым кьалэм фэтэр 65-уэ зэкэт уиз щащ. Щ1ыхь 50-м сом мелуан 20 хуэдиз кьыІахащ «Ипотекэ кредит», «Ипотекэ+» программэхэмкІэ.

САФРОНОВАнатолэ.

●Гулъытэ

Нэхъыжьхэр ягъэлъапІэ

ЯфІэгъэщІэгъуэну нэхъыжьхэри хэтащ псалъэзэблэзэ, кьуажьхь кьудейхэным.

А теплэгъэуэ уригъэгупсысыр гъащІэм кьызыІэзэримыІэм, нэхъыжьыфІдиІэхуэкІэ, нэхъыщІэхэри тэмэму гъэса зэрыхьэнум.

ТОХЪУТЭМЫЩІ Лаиэ.

Къали къуажи зэлъагъэІэсу

●Щ1э

КУЭД ЩІАКЪЫМ Тырныауэ такси щыпсэльэуамэ, бгъэщІагъуэу зэрыщытрэ. Сыхьэт ныкъуэкІэ лъэсу кьызэхэпкІухь хъуну кьалэ цІыкІур абы сыткІэ зэуныкъуэ жаІэрт.

Таксихэм кьалэм лэжьэн щыщІадзам, япэ щыкІэ ахэр кьэзыгъэсэбэпыр Іуащхьэмахуэ лъапэ е кІуейм хьыкъ жылагъуэхэм нэхъ псынщІэу нэсыну хуейхэрат. Ауэ куэд дэмыкІыу кьалэдэсхэм кьагурыІуащ а транспортым иефІэкІыныгъэхэр. Псалъэм папщІэ, сымаджэщым псынщІэу ящІэнущ ныкъуэкІ, нэгъуэщІ Іуэху пІащІэхъуэкІэ ежьами, е кьащэхуа хэлъпшІыпхэр унэм яІэбауэ щІыналъэхэм я зэкъуэкІэ уасэм хэхъуэныр кьызэтрагъэувыІэфынукъым.

Ветеранхэм къащхьэщож

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и прокуратурэм кьызэрыщІигъэщамкІэ, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу ныкъуэдыкъуэхэу цІыху 422-м санаторэ-курорт путевкэхэм я пІэкІэ ахъщэ льготэу иратын хуеяр ялъысакъым.***

«ХЭКУ зауэшхуэм и ветеранхэмрэ пенсионерхэмрэ я санаторэ-курорт путевкэхэм пэкІуэ сом мин 450-р иратакъым. ЩІыпІэ властым, щыІэ хабзэр кьызэпидри, компенсацэ ахъшэр иубыдыжащ. Республикэм и прокуратурэр ветеранхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ къащхьэщыжу Мейкъуапэ кьалэ судым тхыгъэ хуигъэхьащ», - жиІащ Адыгейм Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Бартащук Генрих.

Республикэ прокуратурэм зэрыщыжаІамкІэ, ныкъуэныгъэхэр кьыщежьэр Адыгейм Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкІэ и министерствэрщ. Абы и лэжьакІуэ ЛъапІэрыкІуэ Алий жиІащ зауэм и ветеранхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ яратын хуея компенсацэр ильэсым и кІэм зытрагъэкІыжыну.

Тыркум ягъэкІуакъым

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президент Багъэлэп Сергей хэлажьэ ІуэхуитІ и щхьэгъэлагъэ Тыркум ежьэн хуеят. ауэ хагъэрейхэм я лъэныкІэ ар пІалъэкІэ ягъэзэпхъуащ.***

ТЫРКУМ НагъэщІ къэрал ІэхуэхэмкІэ и министерствэм Абхъазым и МИД-м и унафэщІ Шамбэ Сергей зыкъыхуигъэзащ Багъэлэп Сергей зэкІэ Тыркум мыкІуэну. Абы и щхьэусыгъуэр а къэралым щыпсэу курджыхэм зыкъызэрагъэтарщ. Ахэр арэзыкъым Тыркум и унафэщІэр Абхъазым и Президентым ІуащІэу.

Багъэлэп Сергей и гъэсэу Тыркум ежьэн хуеящ республикэм и парламентым и вице-спикерхэу Цугбэ Вячеславрэ Агрбэ Иринэрэ, экономикэмкІэ и министр Озгъан Кристинэ, нэгъуэщІ къэрал ІэхуэхэмкІэ министрым и къуэдзэ Гунжие Максим сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм я мурадащ Тыркум куэду щыпсэу я кьуэш-щыпхъуэхэм яхуэзэну, къэралым и проектым и зэхуэмыдэм экономикэ зэгурыІуэныгъэ ираущылІэну.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Тыркум ежьэн хуеящ

Ди Президент Багъэлэп Сергей щыІэжьмкІэ Іуэхуитіу и щхьэгъэлагъэ Тыркум ежьэн хуеят. ауэ хагъэрейхэм я лъэныкІэ ар пІалъэкІэ ягъэзэпхъуащ.

Багъэлэп Сергей и гъэсэу Тыркум ежьэн хуеящ республикэм и парламентым и вице-спикерхэу Цугбэ Вячеславрэ Агрбэ Иринэрэ, экономикэмкІэ и министр Озгъан Кристинэ, нэгъуэщІ къэрал ІэхуэхэмкІэ министрым и къуэдзэ Гунжие Максим сымэ, нэгъуэщІхэри. Абыхэм я мурадащ Тыркум куэду щыпсэу я кьуэш-щыпхъуэхэм яхуэзэну, къэралым и проектым и зэхуэмыдэм экономикэ зэгурыІуэныгъэ ираущылІэну.

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

ЗыкъалІэтыныр къызыхэкІар сыт?

Свердловск областым щыІэ Кировоград къалэм зыкъыщыІэтащ балигъ мыхьуахэм я колониехэм ящыщ зым щаІыгъхэм.

Абыхэм унэхэм мафІэ щІадзащ, езыхэри хабзэхъуэмэхэм япащІуащ. МафІэр ягъэункІыныжыну кІуа машинэхэм мывэхэр трагъэпальэрт. Хабзэхъуэмэ хым фэбжь зэмыльэужьыгъуэхэр ягъэтащ. Абыхэм ящыщ Завьяловым сымаджэщым щІэлІыхьащ, балигъ мыхьуа щІэпхьаджащІэхэми фэбжь хъуэхэр ягъэутащ. Зэгуэр мы Іуэхущапіэр езым хуэдэхэм щапхъэ трахауу щытащ. АтІэ, сыт мы къэхъар къызыхэкІар? А упщІэм и жэуапыр кьиІуэтын папщІэ лъэхъэущым кІуащ комиссэ щхьэхуэ.

Мамырыгъэм и щІыналъэ

Тегеран щызэІущІащ Каспий теплъхьым и Іуфэм Іус къэралитхэм я унафэщІхэр.

Ахэр зэгурыІуащ мы щІыпІэр мамырыгъэм и щІыналъэ ящІыну.

Къызэхуэсахэм гулытэщхуэ хуащІащ гъэсыныпхъэ Іуэхум. Пэжщ, газым и лъэныкъуэкІэ къэралхэр зэрызэгурымыІуэ Іуэхуэхэри кьыкъуэкІащ.

Псом хуэмыдэу купщІафІэу щытащ Урысейм и Президент Путин Владимирэ Ираным и Іэтащхьэ Ахмединеджад Махьмудрэ я зэІущІэр.

Тхылъхэр кьыІахьжьынукъым

УФ-м дыгъэгъазэм щеІэкІуэкІыну парламент хэхьныгъэхэм хэтыну зи гугъу тщІы тхылъхэм хуэдэхэр кьыІахьжьынукъым. Абы кьыкІэрашІ, хэхьныгъэхэм хуабжьу егугъуу зыщІыхуагъэхьэзырыныр хуей зэманыр кьэсащ.

ЩІэныгъэм гулытэ егъуэтыж

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп1э кьызэІуахащ Иванов Сергей кьалапщхэм дыкъэзгъэкІыну Москва физикмкІэ и институтым и студентхэм.

Ахэр зытепсэльыхьар физистинэ, нэгъуэщІ къэрал ІэхуэхэмкІэ и министерствэм абыхэм я щІэныгъэ зэхэлъыр зыужьыгъэ Іуэхуитіу ящІыну, Джелалабад къалэр къызэрыгъэпэщрэ ильэси 130-рэ (1877) зэрыкІуэм теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр.

● Жэпуэгъуэм и 19 - 21-эм Улан-Батор щекІуэкІынущ урысей-монгол выставкэ-жармыкІэ.

●Дыгъэ кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 27-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 17-м.

Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 50-рэ.

ПІалъэгъэ зыкъыхэзыгъэр **ШХАМУХЬЭМЭЛИ.**

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъэ:

Псы Іуфэм Іусым псы иклыпІэр ещІэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 18, *махуэку*

●Азербайджан Республикэм и гуфІэгъэщІ – къэралыр щхьэхуэ щыхьэуа махуэщ (1991).

● ИльэсищІ и пэкІэ иухащ 1907 гъэм бадзэуэгъуэм и 2 (15) - жэпуэгъуэм и 5 (18)-хэм Гаагэ щекІуэкІа етІуанэ дунейпсо мамырыгъэ конференцыр. Къэрал 44-м я лІыкІуэхэр зыхэта а зэІущІэм кьыщащтащ Декларацэрэ конвенцэ 13-рэ (щыхьэр зытхьэлэ, зыгъэсымаджэ гъэуцуэр, щхьэхъэ зыхэлъ щэхэр кьагъэсэбэну хунт зымыщІхэр). ЗэІущІэр зэхуагъэсат Урысейм и жэрдэмкІэ.

●Илъэс 20 и пэкІэ Венэ щекІуэкІа зэІущІэм щызэгурыІуащ дунейм щыяпэ «Токомак» дунейпсо термоядерн реакторыр яухуэну. Программэр зягъэзащІэ Атом къарумкІэ дунейпсо зэгухьныгъэм (МАГАТЭ) и нэІэтету. Мы зэманым абы йоджэкъ ЕС-р, Урысейр, Канадэр, Японнер, США-р, Китайр.

●Жэпуэгъуэм и 18-19-эм Лиссабон (Португалие) щекІуэкІынущ ЕС-м и къэралхэм я Іэтащхьэхэмрэ абыхэм я правительствэхэм я унафэщІхэмрэ я зэІущІэ.

● Екатеринбург щекІуэкІынущ прессэм и «Урысейм и патриот» урысейпсо зэпеуэныгъэм и кІэухыр.

● Илъэс 66-рэ и пэкІэ къалъхуащ къэрал лэжьакІуэ, политик, КъБР-м и яп1э Президенту щыта Кіуэкіуэ Валерий (1941-2005).

●Дыгъэ кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 26-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 18-м.

Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 52-рэ.

Жэпуэгъуэм и 19, *мэрем*

●Жэпуэгъуэм и 19 - 21-эм Кьыргызым щекІуэкІынущ Джелалабад къалэр къызэрызэрагъэпэщрэ ильэси 130-рэ (1877) зэрыкІуэм теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр.

● Жэпуэгъуэм и 19 - 21-эм Улан-Батор щекІуэкІынущ урысей-монгол выставкэ-жармыкІэ.

●Дыгъэ кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 27-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 17-м.

Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 50-рэ.

ПІалъэгъэ зыкъыхэзыгъэр **ШХАМУХЬЭМЭЛИ.**

●Хъыбарыфі

Балъкъыз Батийрэ Ахэмын Феликсрэ Адисэ я гъусэу.

Ахэмын Адисэ дунейпсо зэхьэзэхуэм етІуанэ увыпІэр къыщехь

Иджыблагъэ Сочи къалэ щекІуэкІащ урыс шашкэмкІэ ныбжьыщІэхэм я XVI дунейпсо зэхьэзэхуэ. 1998 гъэм къалъхуахэм я гупым хэтащ Тэрч куейм хыхьэ Іэтащхьэ (Плановскэ) къуажэм щыщ пщащэ ныкъуэ Ахэмын Адисэ икІи етІуанэ увыпІэрэ кубокымрэ къихъащ.

АДИСЭ апхуэдизкІэ фІыуэ джэгурти, гугъущэ демыхьу и хьэрхуэрэгъуэхэр ятекъэрт.

Иджырей зэпеуэшхуэм Адисэ зэрыкІуар зи фІыщІэр Урыс шашкэмкІэ Ипщэ федерал щІыналъэм и 5-нэ турнирым зэрыщытекІуарщ. Ахэмыныр абы щыгъуэ зыхэта гупыр щыху 200-м щІигъурт. КъыкІэлъыкІуэу спортсмен ныбжьыщІэр 2007 гъэм тІэу ирагъэблэгъащ Осетие Ипхъэрэ - Аланием щекІуэкІа зэпеуэхэм. Абыхэми ехьулІэныгъэ щызыІэригъэхэри, Адисэ Іэмал игъуэтащ дунейпсо зэхьэзэхуэм Урысей Федерацэм и щыхьэр щихуэмэну.

Ипщэ и адэ Феликс Тэрч СДЮШОР-м шахматымрэ шашкэмкІэ и тренер нэхъыжьщ, спортым и мастерэм я ешащІ.

И пхъур иІэсищ фІэкІа мыхьуауэ ар гъэсэн щІидзащ Феликс икІи и лэжьыгъэм зэрегугъур псыхэкІуадэ хуэакьым. Адисэ Налшык щекІуэкІ «Шашкэ тепльджэхэр» зэхьэзэхуэхэм щыбжанэрэ пашэныгъэр щиубыдащ. УФ-м и щІыналъэхэм кьыщызэрагъэпэщ турнирхэм зэфІэкІ хьарзынэхэр иІэу зыкъыщигъэльэгъуащ, республикэм и чемпионатхэм плІэнейрэ щытекІуащ. Хьыджэбз цІыкІур шашкэхэм я мызакъуэу, еджэнми щыпашэщ.

Адисэ и тренерхэу Балъкъэр Батийрэ Ахэмын Феликсрэ фІыщІэ хуащІ Налшык къалэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ и комитетым и унафэщІ Бэзд Бесльан, зэхьэзэхуэхэм кІэнныкІэ щІэгъэкъуэн къазэрыхуэхъуэм папщІэ.

Сыт хуэдэ гугъуехьэм фаІуэрэ, жытІэу гъэсакІуэхэм защІэхуэдгъэзэм, къыджаІащ шахматхэм нэмыщІ, шашкэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащІамэ зэрагуапэр. «Ди зэманым хьыджэбз цІыкІуэхэм ядэлажьэу щыІэр спорт школ закъуэтІакъуэщ. Ди жьауэ зэрыхъунри, шашкэхэр спорт лІэужьыгъуэу къызэмыльытэ, хуфащэ пщІэ хуэзымыщІ куэд щыІэщ икІи республикэ унафэщІхэм пльэкІэ захуэдгъэзэну дыхуейт, шашкэхэм щыхуагъасэ спорт школ щхьэхуэ кьытхуэзыхуэну. ИтІанэ дэ Іэмал дгъэтынут ехьулІэныгъэ нэхъыбэ кьэтхьыну, - жиІэ абыхэм. - Къыхэдгъэщынщи, иужьрей зэхьэзэхуэм хэтащ цІыху 15 - 20 кьыздикІа къалэхэр, дэ Адисэ и закъуэт зэпеуэм хэдгъэтар. Нэхъыбэ тхуэшІэщ, щэч хэмылъу, ехьулІэныгъэ нэхъыбэ диІэнут.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Шинкубэ и тхыгъэ къыхэхахэр

Дуней псом щыщІэрыІуэ тхакІуэщ, усакІуэщ Шинкубэ Бэгъат. Абы и къаэмыцІэм кьыщІэкІащ абхъаз литературэм и цІэр жьыжьэ щызыгъэІуа тхыгъэ кушІафІэ куэд - романхэр, повесткэхэр, усыгъэхэр, Іисом хуэмыдэу щІэрыІуэ Зыхуащ Шинкубэ Бэгъат и «ЖылакІэ» романыр. Симонов Константинрэ Козловский Яковрэ зэрадзэкІауэ, ар урысыбзэкІэ Москва зыбжанэрэ кьыщыдэкІащ, нэгъуэщІ бзэ куэдкІи дунейм кьытехьащ. «ЖылакІэ» романыр адыгэбзэкІи зэдзэкІауэ Налшык 1985 гъэм кьыщыдэкІащ, и тиражыр экземпляр мин 15 хьуэ.

ИльэсищІ и пэкІэ дунейм ехьажа тхакІуэ щэджащэм щхьэзэрилэкІа тхыгъэхэм я фІыпІэр щызэхуэхьэсащ Сыхьэм кьалэм иджыбгъэкІа тхылъэм. Япэ тхылъыр хуахащ Шинкубэ Бэгъат и усыгъэ нэхъыфІхэм, етІуанэм итщ «ЖылакІэ» романыр.

Тхылъхэр зыгъэхьэзырар Абхъазым Щ1ыныгъэхэмкІэ и академиерщ, кьыдэзыгъэкІар Абхъаз къэрал тхылъ тедзапІэрщ. Зэхэзыльхьар усакІуэ, академик Ласурие Мушнищ, псэулъэ псалъэр зытхар абхъаз тхакІуэ цІэрыІуэм и гущІэмрэ гущІэмрэ кьууэу щыІэуэ Кожинов Вадимщ. Тхылъхэр сурэтхэмкІэ ягъэщІэрэщІащ Евменов Леонидрэ Воубэ Владимирэ.

Зи гугъу тщІы тхылъитІыр дунейм кьытехьэн ипэІэкІэ Шинкубэ Бэгъат и тхыгъэхэр томиблым щызэхуэхьэсауэ Сыхьэм кьыщыдэкІащ, ахэр псори урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ кьыдигъэкІын мурад иІэщ Абхъазым Щ1ыныгъэхэмкІэ и академием.

Шинкубэ Бэгъат Абхъазми, Кьэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгеймі, Кьэрэшей-Щ1эрджэсми я цІыхуэхэм я щІэныгъэ зэрыщыІэр. Ар зэрыщІэкІ ныкъуэ Іуэхуитіу ящІыну, Джелалабад къалэр къызэрызэрагъэпэщрэ ильэси 130-рэ (1877) зэрыкІуэм теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхэр.

● Жэпуэгъуэм и 19 - 21-эм Улан-Батор щекІуэкІынущ урысей-монгол выставкэ-жармыкІэ.

●Дыгъэ кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 27-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 17-м.

Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 10-рэ дакьикъэ 50-рэ.

ПІалъэгъэ зыкъыхэзыгъэр **ШХАМУХЬЭМЭЛИ.**

Лъэпкъ Іуэщ1ыгъэ:

Псы Іуфэм Іусым псы иклыпІэр ещІэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«ПУТИНЫМ И ЛЪЭХЪЭНЭ»

урысейпсо проект
Урысейр 2000 – 2008 гъэхъэм
Къэрэрэ ныбжь зэрызэфIгъэхьар

АНКЕТЭ

УПщIэ ПСОМИ ПСАЛЪЭ ГЪЭКIэщIахэр хэмыту, зэхэщIыкIыгъуэу тхауэ жэуап кьефтыну дыныбольэу!

1. Президент Путин В.В. и фIыщIэкIэ Урысейм кьихьа екъулIэныгъэ нэхь ин дыдэу щым хинубыдэу къэфыльтэхэр сыт хуэдэхэра?

2. Урысейм и Президенту щытынум зэфIигъэкIын папщIэ зэрызыхуэнгъэзэну Iуэхугъуэ нэхьыщхьэу щыр сыт хуэдэ?

3. «Путиным и гупым» хэбгъэхъэ хъуну щыхуищIым я щIэ кьифIу. Ахэр Iэмал имыIэу Путин В.В. щIыгъуу лжьауэ щытын хуейкьым, ауэ я псэмыблэж лэжьыгъэкIэ, унафэ хьэпэжэтхэмкIэ, ди гъащIм и Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьащцахьа екъулIэныгъэхэмкIэ хэкум и пщIэр зыгъэбыдахэм икIи къэралышхуэм зыкьиIэтыжьыным хэлIыфIыкъэхэм ящыщу щытынхьщ.

ЩIэр, уэрэфIр, ныбжьыр

И щIыкьыр

Адресыр:

Телефонхэр/факсыр

E-mail, internet

Къулыкъыр/ублэпIэ Iуэхур

УпщIэхэм жуап ефта нэужь, анкетэр зэревгъэхьыну адресыр: Телефоныр/факсыр 411-85-92, 411-85-93,
E-mail:leader2008@bk.ru,info@leader2008.ru
117105, Москва, Новоданиловскэ набережнэ, 4а. «Путиным и лъэхъэнэ» Урысейпсо проектым и кьызэрэзэпэщIакIуэ комитет.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и къэхутакIэр, штатикIэ абы щылажьэ щIыхь бжыгъэр гъэтэмэныным, щIэныгъэ лэжьакIуэхэм лжьашIэ зэрыят щIыкIэр зэтегъэувэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м *№259-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым (адэкIэ - Институтщ) и зэхэлыкIэр, штатикIэ абы щылажьэ щIыхь бжыгъэр гъэтэмэныным, щIэныгъэ лэжьакIуэхэм лжьашIэ зэрыят щIыкIэр зэтегъэувэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ Институтым штатикIэ щылажьэ щIыхь бжыгъэр 190-м нэсу гъэмэщIэн.

2. Институтым и лэжьакIуэхэм лжьашIэмкIэ я фондыр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетымрэ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ я академием и бюджетымрэ кьызэрыагъэкIыр къэлыпытауэ, штатикIэ лажьэхэм я бжыгъэр зэрагъэмащIэн кьыхэкIыу лэжьашIэмкIэ фондым щыщу кьащIэхуэа ахъшэр Институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэм я лэжьашIэм хэгъэхъэуным, ахэр лэжьыгъэм тезыгъэгушхэн саугъэты етыным хуэдэ Iыпщым.

3. Къэщтэн мы кьыкIэлыкIуэ хабзэхэр:

2007 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэм ират лэжьашIэм хохьэ мы Унафэм и гуэдзным кьыщыкъэлэтъуам хуэдизу хъуэу кьулыкъуклэ ират улахуэр, Урысей Федерацэм и законодательствэм тету ят компенсацIэхэр, зыхуэфащэ гупхэм хыхьэ лэжьакIуэхэм я кьулыкъым тещIыхьауэ хуагъэувэ улахуэм и процент 60-м нэс гъэпрагъэгушхуэ ахъшэр;

лэжьыгъэм зэрыгъэгъэгушхуэ ахъшэр ят «Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и щIэныгъэ Iуэхущапlэхэм я щIэныгъэ лэжьакIуэхэмрэ унафэщIхэмрэ, щIэныгъэ центрхэм я щIэныгъэ лэжьакIуэхэм я Iуэху зехьэкIэ езыгъэфIакIуэ зэрыт-рагъэгушхуэ ахъшэр зэрат щIыкIэмрэ хабзэхэмрэ къэщтэным и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Урысей Федерацэм Уэныщагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министерствэм, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием щIэныгъуу 2006 гъэм щIэкIуэгъэуэм и 3-м кьыдагъэкIа приказ №273/745/68-м щыгъуэва мардэхэм тету;

IэщагъэхэмкIэ тарифым ипкъ иткIэ, щIэныгъэхэмкIэ степенхэр зиIэхэм зэрахьэн хуей къулыкъуэхэр зыIыгъхэм щIэныгъэхэм я доктор щIэм папщIэ сом 7000, щIэныгъэхэм я кандидат щIэм папщIэ сом 3000 мазэ кьэс хущIагъу.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм (ЩхьэгъэпсО.СХь.), Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрым (Нуан П.М.) яхуэгъэувын;

Институтым и зэхэлыкIэмрэ абы штатикIэ щылажьэхэм я бжыгъэмкIэ 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м нэсыху зэгурыIуэну;

штатикIэ лажьэхэм я бжыгъэр щагъэмащIэкIэ лжьыгъэм теуэха законодательствэм кьыгъэувэн зэрытетым, лэжьакIуэхэм законоIэ яI э хуитныыгъэхэмрэ абыхэм я сэбэн зыхэлъхэмрэ гъэзэщIа зэрыхъуэ кIэлыплъыну.

5. МыУнафэр гъэзэщIа зэрыхъуэм кIэлыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдз Дыщэкl М.Р.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къалэхэр зыгъэзащIэ ЧЕЧЕНОВ Ануар.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2007 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м кьищта Унафэ №259-ПП-м и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэмрэ Урысейм �щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрымрэ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэхэм я лэжьашIэхэм я унафэщIхэмрэ я улахуэхэр

Къулыкъыр	Улахуэр (сом)
Директорым	16500
Директорым и къуэдзэм	14400
ЩIэныгъэлI секретарым	12500
Iэнатlэм и унафэщым	12500
ЩIэныгъэ лэжьакIуэ IэрыгушхI	12500
ЩIэныгъэ лэжьакIуэ IэрыгушхI	10900
ЩIэныгъэ лэжьакIуэ IэхъжьхьщIм	9450
ЩIэныгъэ лэжьакIуэм	8200
ЩIэныгъэ лэжьакIуэ IэхъжьщIм	7100
КъэхутакIуэ-стажерым, профессиональнэ щIэныгъэ зэхьыщIэ зиIэ лаборант нэхьыжьым, инженер-къэхутакIэм	6200

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэру | Жылагъуэ Iуэху

● Гъавэ

Европэм и фIыщIэкIэ

Европеоюзым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрэхэм зэрыгушхуэ гъавэм и уасэр кьыгъэрыжьэдакъуэну Iэмал. Абыхэм якъутэжащ къэгупсысащ гъавэм и гъэзэщIэным теуэха унафэр. Ар къащтауэ щытащ гуэдзэ нартыхуэ кудыIуэ кьыщрахьэдIа 1992 гъэм - апхуэдэ гъавэхэкIхуэ зыхуейм нэхьыбжэ зэгухьанысыгъэм хэт къэралхэм ирамыгъэIэн мурадкIэ. Иджы гъавэм и уасэр екъэныну кьыщIэкIынуц. Апхуэдэу щыщыткIэ, щIакъхъэр нэхъ пуд щыхьуныц Европэми Урысейми.

**МЫ ГЪЭМ УФ-м гъавэ нэхьыбэ кьыщрахьэлIащ нэгъабэ нэхьр. Ауэ ди мэкъумэшыщIэхэр епIэщIэкIыркъым абы и уасэм кIэрагъэхуным. Дэ депхащ гъавэ рынок ин дыдэм, жаIэ абыхэм. И щхьэусыгъуэр зыщ: Европэмрэ Австралиемрэ зэрыщыуэгъуэм къыхэкIыу гъавэр мащIэ зэрыхъэрщ, апхуэдэу языныкъуэ мэкъумэш къэкIыгъэхэм мы зэманым кIэу пэтми зызыубгъу биогъэсымпхъэхэр кьызэрыхащIыкIырщ. ГъэтIылыгъэхэр мэкIуэщI. IэщагъэлIхэм кьызэралытамкIэ, дунейпсо цIыхубэм стратегие гъэтIылыгъэу 2008 гъэм иIэнур зэрыхъэр тонн мелуани 111-рэщ. Нужь илъэс 30-м ар нэхъ мащIэ дыдэщ. Иджы Европеоюзым кьыхуэнэжар тонн мелуани 2,5-рэщ, иIа тонн мелуан 14-м и пIэкIэ. Дэ ерыскъыпхъэ и лъэныкъуэкIэ шынагъуэ дыхоуэ, мэгузаю зэгухьанысым щыщ кьулыкъущIэхэр.

Ар къэмыхъун папщIэ Брюссель фермерхэр хуит ищIащ вапIэхэр зэрыщыту къаГъэсэбпынц. Нэхъапэм проценти 10-м «зрагъэгъэпсохурт». Зэгухьанысым псори щыгъэтеухуащ - мыбы «къэралым» кьыщецэху зыхуэдизым емылытагъэ гъавэу кърахьэлIэ псори. Абы кьыдэкIуэуи проценти 10-р зэрамысым къэрахъэм Iэмал яригащ фермерхэм субсидие лейхэр хуамыутIыщыну. Псалъэм и хьэтыркIэ, зы гектарым хуэзэу ику иту Инджылыым фермерым прат доллар 400-м нэблагъэ. Языныкъуэ къэралхэм абы щытрагъэкIуадэ мэкъумэш хозяйствэм кьыIэрыхъэ хэхъуэ псоми я Iыхьэ щанэм нэсыр.

Апхуэдэу щыт пэтми, Европеоюзым мэкъумэш хозяйствэм пыщIа IуэхугъэмкIэ и комиссар Боиль Фишер Мариан жIащ «мы зэманым щыIэ Iэмалхэм ятепщIыхьмэ, гъавэ умыщIэнырр делагъэу». Европеоюзым кьыхелъхъэ гъавэхэкIхэм я уасэхэр зэрыдрамыгъэуенту иогъэщI Iэмалхэр. КьулыкъущIхэм кьаIэтащ пошлинэ льэпощхьопхэр гъэкIуэдыжьынымрэ и Iуэхур. А псоми кьадэкIуэу Европеоюзым щамрадащ дунейм и щытыкIэр зыхуэдэм емылытауэ, псэун папщIэ зыхъеунум хуэдиз гъавэ гъэтIылыгъэ ягъэхъэзырыну.

ЩIыр зэрыгъэрахъэ хабзэщIэхэр и щIэгъэкъуэну Европеоюзым щогугъ ильэс къэс гъавэу кьалэжьым тонн мелуани 10-кIэ хагъэхъэуну. Пэжщ, зэкIэ зи гугъу ящIыр зы ильэс закъуэм тещIыхьа гъэунэхуныгъэщ.

Ауэ, итIанэ, а хабзэхэм яжь ящIихунущ бирамэ уасэхэм.

IэщагъэлIхэм кьалытэ уасэхэр процент 10 - 15-кIэ ехухьыжыну. Апхуэдэу щыщыткIэ, дунейпсо рынокым «кIэрыщIа» Урысейми щIакъхъэхэр сом зыбжанэкIэ нэхь щыт щыхьунущ.

Ауэ Европеоюзым зэран хуэхъункIэ хъунущ «удыдфхэр». Инджылыым Кьуалэхэр хьэмэнымкIэ и зэгухьанысым жIащ гъавэ щIапIэхэм ящыщ Iыхьэ зрамывэжым кьуалэхэм я бжыгъэм зэрыхигъэхъуар, абыхэм уегуэуэж зэрымыхьунур. Дэри абы фIэкIа иогъэущ гукъеуэ димыIамэ арат.

АРОНОВ Алексей. ***«Известия»***

● Лыгъэ

Шынэ зымыщIэ

Чита областым и жылагъуэхэм ящыщ зым и мэдыкъуэм зарихьы лIыгъэм щыгъуазэ хъуащ къэрал псор. Абы хуагъэфощащ Урысейм и дамыгъэ нэхь лъапIэ дыдэр.

АБЫ теуэхуэ унафэм итщ: «Мэл хъущэ кьыщригъэлым лIыгъэр псэемылIажьыгъэр кьыздригъэлъэгъуам икIи лжьыгъэм кьыщихьа екъулIэныгъэхэм папщIэ Михаилов Бабу-Доржи Урысейм и Лыхъужь щIэр фIэщын». Абы Кремлым Дыщэ Вагъэр кьыщритащ езы Путин.

Сыт хуэдэ лIыгъэ зэрихьар Михаиловым? Мы гъэм и мэлыжьыхь мазэм Бабу-Доржи игъэхъурт 525-рэ хьэ мэл гуэрт. Кьуаажэ мыльку псо хьурт а хъущэр! Зэуэ хьунIэм мафIэ кьыщылыдащ. Бабу-Доржи псынщIэу гуартэр кьрихуащ щIыпIэм. Нужьлэ ихьэIэнщ зэкIэращIа тракторкIэ щIыр зэпривыкIри, мафIэр кьигъэувыIащ.

«Бабу-Доржи шынамэ, хэщIыныгъэ мелуан зыбжанэ дгъэутынут», - кьыдэжащ ар щылажьэ «Ононкое» мэкъумэшыщIэ Iуэхущапlэм и унафэщI Калинин Геннадий.

И куажэхъуэкъуам кьалъыгъэ Михаиловым Лыхъужь щIэ лъапIэр хуэфащуэ.

- Абы зэрыщIыкIыгъэ мэл егъэхъу. И Iэнатlэм щыпэрыкIар дгъэм кьулыкъу щIыпIэм щыгъуэщ.

ПIальэр нухри, фIыуэ ильагъу Iэнатlэм пэрыуэвжащ, - игу кьетхъкIыж. Лыхъужьым и кьуажэгъу Гуровэ Татьянэ.

Бабу-Доржи нэхъапэмри гульытэ хуащIащ. Пэжщ, иджы хуэдэу льагэу и пщIэр яIэтакъым, ауэ областым и мэлыхъуэхэм я нэхъыфIым и дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ зыбжанэрэ къратащ, 1980 гъэхэм абы хуагъэфэщауэ щытащ ЛъэпкъкIэм я Зэныбжьэгъугъэ орденыр. Ауэ, езым зэрызымысыжьмкIэ, абы и дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэу щытыр Ленин комсомолым и саугъэтым и лауреат зэрыхъурэр. Абы и дамыгъэр абы зэи и бгъэм хихыркъым.

РЕШЕТНИКОВ Татьянэ.

● Куржы

Иужь ильэсхэм ди гъунэгъу Куржым щытыкIэр зэи щыщIэгъуэкъым. Политикэ зэныкъуэкъымрэ зэпэщIэувэныгъэхэмрэ къэралыр хуабжьу ирагъэхуэхащ, лъэлъэмылэнэм нэсу. Цыхуэхэр факъыргу мэпсэу, абыкIэ зэрымыварэзыхэри щIэхущIэхыурэ къагъэлъагъуэ *(курэтым)*. **Абы щыгъуэми къэралым и президент Саакашвили Михаил куэдрэ къыжьэдэкI «демократие» псалъэр, жеIэ Куржыр абы и Iуэхугъэм быдзу теуВауэ. АрщхьэкIэ иужь зэманым къэралым щекIуэкIхэм фIыуэ щыщIэгъуэкъым. Iуэхугъэ дунейпсо цIыхубэм ар дауэ и фIэщ зэрыпщIынур?**

Мы гъэм жэпуэгъуэм и 18-м ильэси 140-рэ ирокъу Урысеим Аляскэр США-м зэрырищIэр. А ильэсыгъэр урыс зекIуэлIхэм кьахутауэ щытащ 17-нэ лэщIыгъуэм и кIэкIэм. Абы цIыху куэд истэкъым, нэхъыбэу щыпсэур индеец хэр. 18-нэ лэщIыгъуэм и пэхэм Аляскэм урысхэр Iэтащ Iуэху хуежьащ. Щыпсэжну мыбдзыхьым, мыр щIыналъэ кьулейт. Мэзышхэу щыIэт, фэ дахэ зытетъ хьэкIэкъуэкIэхэр щыбзэгъат, уцыщIэкIуэну хьэмэрэщIэт, бдзэмей хуэгъэнэну хуэдэ кьэгъуэгъыгъуейт. Щы щагъыми хъугъуэфIыгъуэр щыкуэдт.

Ауэ мы щыналъэшхэр - километр зэбгъуэзнатIэ мелуанрэ мин 525-рэ мэхъу - Урысеим дакъэдакъэу кьыхуэгъэIуфыщIэртэкъым. Атlэмри, ар къэралым и щIыналъэм кьыпыхьэу щытакъым. А псоми гу лъатащ американкэм. Абыхэм хуэм-хуэмрэ урысхэм Iупщэлэгъу зыкIыхьуащIри щIадзащ. Урыс унагъуэу Аляскэм кIуар машIэт, зы мин иримыкъут. 1780 гъэм кьыщыщIэдзауэ США-м и щIыхухэри мыбы кьихьэу хуежьащ. 1799 гъэм абыхэм кьагъэуIуэ щIадзащ щIыналъэр зэгъуэгъуэ кьагъэсэбэпыну. ИкIи а гъэм и кIэхэм пыс-американ компаниехэр кьызэрагъэпэщу щIадзащ. Абыхэм я зэхуэдэт фэ дахэ зытелъ псэущхьэу кьаукIри, бдзэжьейуэ кьаубгъури, щIым кьыщIах хъугъуэфIыгъуэри, мэзым кьыпыкI хьерри, нэгъуэщIхэри.

Мы Iэхуэм хуабжьу игъэпIейтIейуэ щIидзащ урыс пащтыхьхэр, псом хуэмыдэу Александр Езанэр, Николай Езанэр. Ауэ а тIуми хэкIыпIэр кьахуэгъуэтакъым. 1855 гъэм пащтыхьыгъуэр Iэрыхьащ Николай I и къуэ Александр II. Абы 1857 гъэм мурад ищIащ Аляскэр США-м ирищэну. Абы Iэхуэр я пщэдитьхат езым и кьуэш Константин, нэгъуэщI къэралIуэхэмкIэ министр Горчаков Александр, Урысеим и лыкIуэу США-м щыIэ Стекль Эдуард сымэ. Iуэхуэр щэхуу екIуэкIырт. Урыс пащтыкъым мыбы епIэщIэкIырт. Ар хуабжьу иригъэвэрт Аляскэр пщIэншэу IэщIагъэкIынкIи, зыри кьыпэмыкIуэжэу трахынкIи. Апхуэдэ кьэралкуэдым кьащIыщIт. Псори зэпащIэчэ нэужь, Петербург Вашингтон хьыбар иригъэщIащ. Абы теуэха телеграммэр ятын папщIэ дыщэ ахъшэу доллар мини 10 трагъэкIуэдат.

Ауэ псори абыкIэ зэфIэкIыртэкъым. Аляскэр щэныр хабзэм документкIэ иубзыхун хуейт. Абы лъэныкъуитIми я Iэ щIадзыжьыпхэт. 1866 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м урыс пащтыхь Александр II Аляскэр зэращамкIэ документым Iэ щIидзащ. Ауэ абы кьыщигъэльэгъуакъым зэращну уасэр. Абы щхьэкIи лъэныкъуитIыр мазищым щIигъукIэ зэныкъуэкъужащ: Петербург ахъшэ нэхъыбэ игъэувырт, Вашингтон кьаригъэльагъур нэхъ мащIэт. ИкIэмкIэжьым зэгурыIуэныгъэр 1867 гъэм гъатхэпэм и 30-м щIэрыщIэу тратхыкIыжащ. США-м абы щигъэуват доллар мелуани 7-рэ мин 200-рэ. Ар Урысейр зыпэплъам нэхърэ нэхъыбэу кьыщIэкIащ. А Зэгурыlуэныгъэм кьару щигъуэтынур, ар США-м и Конгрессым кьищта нэхъыжьт. Ар кьыщыхьуар 1867 гъэм жэпуэгъуэм и 18-рщ. Идвеа а мафIэхуэр Аляскэм и махуэшхуэу ягъэуващ, гъэ хуабжьу яригъэлъапIэ.

Сыт Урысеим фIэкIуэдар Аляскэр зэрищам щхьэкIэ? Куэд дыдэ! Щащам кьыкIэлыкIуэ 1868 гъэм и лапсэ США-м Аляскэм и пыс Iуфэхэм бдзжьейуэ кьыщаубыдащ Урысеим ахъшэу кьуритам нэхърэ и эхъыбэ кьызыщIэкIа. А щIыналъэм урысхэр кьыкIыжащ. 1882 гъэм нэхъыжьыбзэ и щIыналъэм и щIыхухэр зэрыгъэтIысхьащ. 1912 гъэм ар округ ящIащ, 1959 гъэ лъандэрэ США-м и штатщ. Абы нобэ щIыху мин 700-м нэс щопсэу, губернатор иIэщ, кьалащхьэр Джуноущ. Мыр щIыналъэкIэ США-м и штат нэхъ ин дыдэщ, щIыху щIыпсэухэмкIэ - нэхъ мащIэ дыдэщ. Ауэ мы щIыналъэм Америкэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Аляскэм и псы Iуфэхэм, Прадхо-Бей къалэм и Iэшэлъашэхэм щыдагъэ куэд дыдэ кьыщагъуэтащ. Мы зэманым США-м и щIыналъэм щыдагъэ гъэтIылыгъэу кьыщагъуэтам и процент 25-р абы хуозэ (тонн мелардым нэс). Апхуэдэу мыбы куэду щыIэщ газ, дыщэ, тхъуэбзащхъуэ, нэгъуэщI хьэгъуэфIыгъуэхэри. А псоми кьызыщIыкIу Аляскэм хуэзыгъэшIэжьэ щокIуэкI, Викторие, Сиэтл, нэгъуэщI къалэхэм икIыу тенджыз гъуэгу макIуэ Аляскэм щыIэ Анкориджэ, нэгъуэщI кьхъуэ тедзапIэхэм, хьатIыгуныкъуэр акъуэм гъуэгуклэ щIыналъэшхуэм хуэгъэгъуэн Канадэмкlэ пхырыкIыу аляскэ кIуэ гъуэгу гъуэгу яухуэнщ. А псоми кьыхэкIыу США-м и щIыналъэ кьэдыкIуэм икIыу Аляскэм гъэ къэс щIыхь мелуан зэрыпсэуну. Зэрыхуэгъэфащэмкlэ, 2020 гъэм ирихьэлIэу абы щIыхуэ щыпсэур мелуаным щIигъунущ.

Мы зэманым Аляскэм США-м и экономикэм увыпIэшхуэ щыгубыд. Ауэ Америкэм и дежкIэ мы хьатIыгу ныкъуэм иIэ стратегие мыхьэнэр нэхъ иныжщ. Мыбы щагъэувад ракетэ гъэльэтапIэр, аэродром инхэр, зауэ тенджыз кIхъуэ тедзапIэхэр.Ахэр кьызыхуэгъэпсащ Урысей Федерацэм, Китаим я къуэкIыпIэхэм, Кореем, нэгъуэщI щIыналъэхэм.

Ялыныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Аляскэр зэрращауэ щытар ильэсэн 100-р. Ар 1967 гъэм кьыхэтыжьын хуейуэ яIуатэу щытащ, ауэ а щIыналъэр Урысеим Iэщlэльэуэ, абы батэкъуэр щагъэшакъым, американхэри Аляскэм зезгъэужьыным кьэдрэ егупуэжьыж. Абыхэм я гугъуэу кьыщIэкIынущ ди къэралыр а щIыналъэр зыIэригъэхъэжьынм яужь итыну, ауэ мы Iуэхур зыщIыпIи кьыщагъэкакъым. Ди къэралыр фIыуэ кьэзыщIыпъэгъэжьауэтэр ар щIагъэкIынущ. Арауэ, а щIыналъэ иныр, кьулейр игъащIэкIэ США-м кьыхуэнащ.

Зыгъэхъэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Планэлэр зыгъэхъэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Хабзэ

ТхылъымпIэм къинэжмэ...

ЩIыналъэр щхьэхуиту щытын хуейщ. Апхуэдэу къелъытэ Къэрал Думэм и вице-спикер Катренкэ Владимир. Абы жеIэ Кавказ Минералыпсхэм (КМВ) я щхьэ и унафэ ящIыжьыщIэ. Мы Iуэхур ягъэхъыбаркъым абы хуабжьу щышынэ консервативхэм. Ауэ щIыпIэм щыпсэухэм кIуэ пэтми нэхъ быдзыу къагъэув: щIыналъэр щхьэхуитын хуейщ. Кавказ Минералыпсхэм теуэха хабзэ щыIэщ, абы хэм я статусыр игъэбелджылыуэ. Ауэ ар тхылъымпIэм кьинэжащ. Дунейм и бейгъыр щIэныгъэм хуей къаIэ курортым и статусыр зыщIыпIэ Iуэхуэкъым.

Мы Iуэхур ищхьэкIэ кьыщIэтыну, кьыщыхьэращи, щIыпIэ курортхэм зауэкъым папщIэ щэсыпIэ ящIыну кьызэIуихыну быдзу зэримурадыр иджыблагъэ «АиФ»-м и лэжьакIуэм жриIащ Катренкэ Владимир.

- Ижь ильэс 15-м Союзымрэ Урысеймрэ я «щIыпIэ пщтырхэм» кьикIри краймкъыкIуащ щIыху мин 300-м щIигъу. Абыхэм я Iыхьэ щанитIым хэщIапIэ ящIащ КМВ-хэр. Ставрополькъэ ику иту зы километр зэбгъуэзнатIэм щопсэу щIыху 40. Ауэ а бжьыгъэр мы щIыпIэм 6-кIэ щынэхьыбэщ. Унэ пIэлапсэхэр куэд дыдэу ящIащ фIеI щIэжьыпIэхэр ящIын щагъэтыжащ. Абы и зэранкIэ махуэ къэс псы фIеI кубометр мин 200-м нэблагъэ щIыпIэ хохьэ. Ар кьыпхуэтегъэувыIэну? КМВ-хэм теуха хабзэм Iэмал кьыритнущ кьэIэпхъуэхэм я мардэхэр ягъэувыну, щIыналъэм нэхъ ткIийуэ кIэлыплъыну.

Къалэнхэр къожьэнкъым

- ЗэрысщIэжьымкIэ, нэгъабэ губернаторри край Думэри хуеят Кавказ Минералыпсхэм я администрацэр и лъабжьэу щIыналъэ Iэнатlэ управлением и хэрал орган къызэрагъэпэщынму, ауэ гугъу пщIы Iуэхуэхэм унафэ зэрытращIыхьын эзэфIэкI бгъэдэлъу

- Атlэ, дэнэ щыIэ ар? Сэ фIыуэ сощIэж мы Iуэхур. Абы хабзэ щхьэхуэ ягъэувын зэрагубар. Федерацэ бюджетым хуаутIыпщ ахъшэр КМВ-хэм кьынэжу икIи ар щIыхуэхэм ирырегъэзэн фIэкIа нэгъуэщI мурадкIэ къамыгъэсэбэпу. АрщхьэкIэ псори псалъэ гъущэу кьэнэжащ.

ПсынщIэ быдзу зэфIэзэкIын хуей Iуэхуэхэр, щэч хэмылъу. щIыIэщ, щIыналъэр хабзэу кьызэтегъэнэным хуэгъэзауэ.

- Сэ эрителъхьэщ производствэ фIеI псори кьыпыхьным, уеблэмэ щIыпIэ зыбжанэм автотранспорт кIуэуэ хуит ямыщIмэ - электрокъарум ирилажьэхэр кьырагъэсэбэп. КIэрыхуэбжьэрыхуэхэм елэжьыныр курорт щIыналъэм и дежкIэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэщ. АрщхьэкIэ Ставрополь краймрэ и правительствэмрэ ЖКХ-мрэ мы Iуэхум я Iэхэр лъэIэсырыкъыжьыну иджыри. КIэрыхуэбжьэрыхуэхэр щагъэзэ жьауэ щапIэ кьыдэсха сом мелуан 350-р апхуэдэу мурадкIэ кьагъэсэбэпаркъым. Зэман Гъэнэгъу дыдэм ди мурадщ ди курортхэр кьабзэу щытыным и Iуэхум дунейм, Урысеим я IэщlагъэлI нэхъыбIэхэр кьыхэтынэу.

А псори кьытпэщыт кьалэн инхэм ящыщу зы мащIэщ. Ахэр зыхуагъэзэар дэ кьыхэтха щIыналъэм хуитныныгъэ щхьэхуэхэр иIэныщI. А кьалэнхэр зэфIэгъэкIыным зэгъуэсу делэжьэнщ Къэрал Думэри, Правительствэри, Президентри. КМВ-хэм зыри зэIуэ мыхъуну статус щхьэхуэ яIэн хуейщ. Дэ мы Iуэхум хуабжьу яужь дитынущ.

СЛАВИН Владимир.
«Аргументы и факты»

● Щынатъэхэр

Аляскэр зэращ

ЩIыналъэхэр

Кавказ Ищхъэру

Жылагъуэ Iуэху

Экономикэ

Политикэ

Махуэку